www.uzresearchers.com
THE ROLE OF EXACT SCIENCES IN THE ERA OF MODERN DEVELOPMENT
REPUBLICAN SCIENTIFIC AND PRACTICAL CONFERENCE
Volume: 2 Issue: 6

# MUZÍKA PÁNIN OQÍTÍWǴA QOYÍLATUGÍN TIYKARǴÍ METODIKALÍQ TALAPLAR

**Elmuratova Gulnara Joldasbaevna**
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı Vokal kafedrası oqıtıwshısı*

***Annotaciya***. *Muzıka sabaǵın joqarı dárejede ótiwde oqıtıw metodikası, pedagogika páni sıpatında tájriybede sınalǵan islerdi teoriyalıq bilimlerin ulıwmalastırıp ámeliyatqa sapalı nátiyjeler bergen oqıtıw metodların usınıs etedi. Sonlıqtan, bul maqalada muzika pànin oqıtıw metodikası izertlenedi. Tiykarınan, maqalada muzika pànin oqıtıwdıń nızam qaǵıydaların táriyplep beredi, keleshek jas áwladtı tárbiyalawda qollanılatuǵın zamanagóy metodlardı belgileydi.*

***Tayanısh sòzler:*** *muzika, metodika, tàrbiya, mektep, oqıtıw, klassifikaciya.*

«Metodika» sózi grekshe sóz bolıp «Izleniw jolı», «Biliw usılı»- degen maǵananı ańlatadı hám tálim tárbiyasınıń ayrıqsha bólimi bolıp esaplanadı. Olardıń jıyındısı muzıka oqıtıw metodları delinedi. Muzıkanıń oqıtıw metodları degende mektep oqıwshılarınıń bilim sheberligin, tájriybelerin iyelewge olardıń dóretiwshilik qábilietlerin rawjlandırıwda hám dúnya qarasın keńeytiwde qollanılǵan is usılları túsiniledi [5].

Muzıka oqıtıw metodikası wazıypaların ámelge asırıwda, muzıka oqıtıwdıń qatar metodları menen birgelikte, pedagogikanıń ámeliy jónelisin menshik (optimal) metodlar iyelep, muzıka sabaǵında qollaw zárúr áhmiyetin payda etedi [3]. Muzıka oqıtıw metodikası wazıypaların ámelge asırıwda, muzıka sabaǵın oqıtıwdıń optimal jeke metodların ónimli paydalanıwǵa baylanıslı.

Házirgi kúnde oqıtıw metodları klassifikaciyaǵa qaramastan bir neshe kóz qaraslar júzege kelgen. Biziń názerimizde muzıka oqıtıwında, oqıtıwshı hám oqıwshı xızmetinde óz-ara baylanıslılıǵın hám oqıtıwshılardıń biliw processinde jeke izleniwge iytermelewshi metodlar sisitemasın qollanıw maqsetke muwapıq. Hámmemizge málim metodlar oqıtıw xızmeti hám maqsetke qarap tómendegi toparlarǵa bólinedi [1].

1. Oqıtıwshılardıń bilim qábiletin payda etiwshi hám ámelge asırıwshı metodlar.

Buǵan oqıw informaciyasın beriw hám onı qabıl qılıw yamasa muzıkanı qabıl etiw processin júzege keltiriwshi metodlar kiredi.

2. Bilim xızmetin xoshametlew hám motivizaciya qılıwshı metodlar. Bunı biliwge iytermelewshi oyınlar, diskussiya qoyıw sıyaqlı metodlar kiredi.

3. Oqıw biliw xızmeti effektiligin basqarıw hám baqlap barıw metodları. Buǵan soraw túrleri, sınaw, imtixan, kollekvium kiredi.

Muzıka pánine Mámlektelik tálim standartınıń járiya etiliwi milliy muzıkalıq miyraslarımızdan paydalanıwdı hám jergilikli aymaqlardı kórkem-óner hám mádeniyattı, ol jerdegi jergilikli xalıqtıń salt- dástúri, úrp-ádetleri, óz sáwleleniwin tapqan.

Ulıwma tálim mekteplerinde muzıka páni boyınsha tómendegi wazıypalardı ámelge asırıwdı óz aldına maqset qılıp qoyadı.

1. Oqıwshılardıń muzıkalıq qábiletin (muzıkalıq oqıtıw ritm sezimin, dıqqatı este saqlawı) ósiriw.

2. Oqıwshılarda milliy muzıkaǵa ana watanǵa, tábiyatqa muxabbat, gózzalıqtı seze biliw, sezimlerin tárbiyalaw.

3. Oqıwshılardı miynetke oqıwǵa, turmısqa, óz ózin hám átiraptaǵılardı húrmet qılıw, adamlardıń miynetin qádirlewge úyretiw [4].

Sol sebepli hár bir sabaqqa dóretiwshilikke jaqınlap, jańa baǵdarlama talaplarına muwapıq, sabaq ótiw kerek. Muzıka páninen bir jılda eki márte yarım jıllıq is jobası hár bir sabaqqa, joba konspekt dúziledi. Joba dúzilgende oqıwshılardıń jası (klassı) hawaz diapazonı, muzıkaǵa qızıǵıwı hám qábilieti, jıl máwsimleri, bayramlar, sabaq temaları esapqa alınıp jańa baǵdarlamalardan paydalanıp, sabaq strukturası tiykarında dúziledi.

Juwmaq. Juwmaqlap aytqanda, sabaq sapalılıǵın asırıwda oqıwshılardıń bilim hám tájriybelerin bahalaw zárúr pedagogik áhmiyetke iye. Qosıq ayıtıw menen birge, olardı kóbirek pikir bildiriwge, ámeliy xızmetke tayarlaw hám ádil bahalaw lazım boladı. Sonlıqtan, muzika sabaǵın metodik talaplar tiykarında oqıtıw nàtoyjeli boladı.

**Paydalanılǵan àdebiyatlar:**

1. Begmanov S., Kurbanov K., Muzika. 6 — klass ushin sabaqhq. Tashkent. Gafur Gulam. 2017.
2. Qodirov R.G’ «Musiqa pedagogikasi» Toshkent., Musiqa 2018 y
3. Ro’zieva D., Usmonboeva M., Holikova Z. Interfaol metodlar: mohiyati va qo’llanilishi. Metodik qo’llanma. Toshkent. Nizomiy nomidagi TDPU nashriyoti. 2013 y.
4. Войнова М.Г. Педагогические технологии и педагогическое мастерство. Тошкент. «Ихтисод- молия». 2006 г.
5. Замятина Т.А. Современный урок музыки: учебно-методическое пособие. Москва: Глобус, 2007.